



Prezève Pyebwa

- Prezève pyebwa ki mati ki sou pasèl la.

Tèks RFP a: (gade paj 20)

- Aplikan an ta dwe fè efò pou pwoteje pyebwa ki egziste yo epi atenye pèt ovan iben lè sa posib. Lè pa gen mwayen evite enpak yo epi fòk yo retire pyebwa yo, yo dwe ranplase pyebwa yo sou yon baz 1:1 nan zòn ki gen peyizaj sou sit pwojè a oswa andeyò sit la toupre.

Pasaj Espas Ouvri ak Koneksyon "Vèt"

- Amenajman yo ta dwe asire Roxbury pa izole ak Tremont. Okontrè, li ta dwe kreye koneksyon.
- Aksan sou espas ouvè kòm yon benefis kominote a, poutèt pa gen anpil nan zòn sa a. Prezève espas vèt sou Melnea Cass Boulevard.

Tèks RFP a:

- Gwoupman ak bilding yo ta dwe bay espas pèmeyab pou limyè, lè, vi ak sikilasyon. (paj 25)
- Prezève espas ouvri piblik ki nan kwen Ruggles ak Tremont ansanm ak sa ki nan kwen Melnea Cass ak Tremont epi founi espas ouvri ak espas vèt atravè sit la. Jaden sou tèt bilding ak pwojè ki entegre opòtinite pou gen jaden yo ap gen yon konsiderasyon favorab. (paj 20)
- Kwen Ruggles Street ak Tremont Street yo, ansanm ak kwen Melnea Cass Boulevard ak Tremont Street yo, se opòtinite pou fè espas ki bay kote sa yo valè kòm pasaj pou ale nan Nubian Square (paj 20)

Kòmantè sou Transpò:

- Pwomotè yo dwe kowòdone avèk Plan Lari Konplè Melnea Cass ak Ruggles yo.
- Enkyetid sou enpak sou trafik la, espesyalman sou Ruggles Street.
- Opinyon diferan sou koze si RFP a ta dwe ankouraje oswa dekouraje pakin.

Tèks RFP a: (paj 22 jiska 24)

- Nouvo amenajman yo ta dwe kowòdone avèk Pwojè Rekonstriksyon Konsepsyon Melnea Cass Boulevard la ansanm ak Pwojè Rekonstriksyon Ruggles Street la.
- Pwopozisyon yo ta dwe eksplòre aksè pataje ki soti Raynor Circle la avèk amenajman fiti sou pasèl ki sou kote a.
- Nouvo amenajman yo dwe oryante yon fason estratejik pou fè koneksyon yo pi fasil soti nan bilding nan pou ale nan enfrastruktir kominotè toupre yo tankou estasyon transpò piblik, moniman ak pak piblik epitou kreye epi ranfòse koridò piblik prensipal yo pou ogmante aktivite pyeton, ankouraje transpò piblik epi fè pwomosyon itilizasyon bisiklèt, epi yo dwe founi estasyonman ansekirite pou bisiklèt sou sit la pou tout itilizatè yo.



- Anplis, pwomotè seleksyone a pral sibi yon revizyon total nan transpò, ki gen ladan l' enpak sou trafik yo, avèk Depatman Transpò Boston (Boston Transportation Department) nan kad Atik 80 pwosesis revizyon amenajman an.

Kòmantè sou Izaj yo:

- Ta dwe gen fleksibilite sou izaj etaj pi wo yo. Rezidansyèl ta dwe yon opsyon, pa yon egzijans.
- Enkli edikasyon kòm yon izaj posib.
- Aksantye sou espas kiltirèl ak espas rasanbleman kominotè.
- Komès andetay ta dwe yon opsyon nan etaj ki nan nivo lari a, men pa yon egzijans, kòm li ka pa fezab.

Tèks RFP a: (paj 19-20)

- Izaj yo pa limite ak lojman sèlman, ladan yo ge biwo enstitisyonèl/komèsyal, edikasyon, komès antedat, izaj kominotè oswa kiltirèl ak espas pou sektè lasante ak travay "vèt" yo.
- Izaj ki nan baz bilding nan dwe kreye yon peyizaj lari aktif, angajan. Izaj sa yo ka gen ladan yo komès andetay, izaj kiltirèl ak/oswa lwazi ki kontribiye nan idantite a kòm pasaj epi Distri Kiltirèl la tou. Pwopozisyon ki gen izaj komès andetay ta dwe bay yon analiz ki montre viyabilite komès andetay nan Ruggles Cluster a.
- Nivo pi wo yo kapab gen izaj rezidansyèl, biwo enstitisyonèl oswa komèsyal.
- Kominote a eksprime yon gwo preferans pou sèvis kiltirèl ak espas pou rankont kominotè ki kapab sèvi kòm kè kominote lokal la.

Kòmantè sou Gwoupman, Wotè ak Oryantasyon:

- Wotè ta dwe limite a 10 etaj, avèk yon preferans pou wotè ba pou entegre nan rès katye a apre Tremont ak Melnea Cass.
- Raynor Circle pa ta dwe konsidere tankou dèyè propriyete a paske li anfas yon katye rezidansyèl.
- Pran an kont yon fason pro-aktif amenajman Whittier Choice ak P-3 epi kijan sit sa yo mache youn ak lòt.

Tèks RFP a: (gade paj 24-25)

- Wotè bilding yo kapab varye ant 50 ak 120 pye. Pwopozisyon ki gen ladan yo wotè ki wo anpil dwe montre yon fason ki klè pi gwo benefis yo pou kominote a.
- Gwoupman ki pi wo a ta dwe lokalize pi pre Tremont Street etandone twazyèm faz Devlopman Lojman Whittier a sou kote a. Gwoupman nan echèl ki pi ba yo ta dwe konsidere pou pati nan sit la ki pi pre bilding resan Madison Park la sou Melnea Cass Boulevard.
- Amenajman ta dwe respekte tou echèl ba global sit lojman Madison Park la epi rapwoche yo arebò propriyete Raynor Circle.



- Re-amenajman Pasèl Crescent la egzijib pou jwe yon wòl entegral nan asire tranzisyon konpatib fòm ak echèl iben nan mitan re-amenajman posib sou fasad Tremont Street ak Melnea Cass Boulevard: Pasèl sit P-3, sit aktyèl Whittier Street Housing ak sit amenajman lojman nan mitan bilding Madison Park la. (paj 18)
- Aksè transpò jeneral ak sèvis nan Raynor Circle atravè Ruggles Street epi petèt apati Brook Marshall Road dwe gen yon konsepsyon ke yo fè avèk atansyon pou diminye enpak yo sou katye rezidansyèl la. (paj 23-24)
- Etablisman sèvis chajman ak dechajman yo pa dwe plase nan lari epi yo dwe kache e kontwole pou yo pa wè yo. (paj 23-24)
- Antre bilding prensipal yo, lòbi ak fasad lari ta dwe lokalize sou Tremont Street ak/oswa Melnea Cass Boulevard epi amenajman an ta dwe byen fè atansyon pou asire konsepsyon fasad dinamik vè amenajman lojman Church ak Madison Park la. (paj 23-24)